# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के लोकभवन में उज्ज्वला योजना के लाभार्थियन के मुफ्त एलपीजी गैस सिलिण्डर रिफिल क अनुदान दिहलें। येही क्रम में प्रदेस के कई जिलनो में कार्यक्रम आयोजित भइल। बरिस दुइ हजार सोरह में सुरू भइल प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना में येह समय प्रदेस में एक करोड़ छियासी लाख महिला लाभार्थी हइनि। प्रदेस येह योजना के चलवले में अग्रणी राज्य रहल हौ। सरकार की ओरि से बरिस में दुइ बेरि होली आ दीपावली पर योजना के लाभार्थियन के मुफ्त सिलिण्डर उपलब्ध करावल जा रहल हौ। येह समय वित्तीय बरिस में एकरे बदे पनरह सौ करोड़ रूपिया के धनरासि क प्राविधान कइल गइल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क पचीस करोड़ जनता क सुरक्षा, उनकर सम्मान आ स्वावलम्बन सरकार क प्राथमिकता हौ।

**याद करिए न कोरोना कब का समाप्त हो गया। लेकिन 80 करोड़ लोग देश के अंदर फ्री में राशन की सुविधा का और उनमें 15 करोड़ अकेले उत्तर प्रदेश के लोग प्राप्त करते हैं। उज्जवला योजना में देश के अंदर 10 करोड़ से अधिक लोगों को सुविधा प्राप्त हुई। उत्तर प्रदेश में 1 करोड़ 86 लाख लाभार्थी अब सोचो जिसको कभी सिलेंडर नही मिला उसको मोदी जी ने दे दिया।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सज्जो आंगनबाड़ी केन्द्रन बदे एगो व्यापक कार्ययोजना तइयार कइले क निरदेस दिहले हवें, जेहसे ई केन्द्र खुद के भवन में चलि सके। राज्य में एक लाख नवासी हजार से बेसी आंगनबाड़ी केन्द्र चलि रहल बा, एहमें से करीब छिहत्तर हजार अबहिनों खुद क भवन के बिना चलावल जा रहल हौ।

***मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने बताया कि आंगनवाड़ी केंद्र 3 से 6 वर्ष की आयु के बच्चों की देखभाल करते हैं और पूर्व–प्राथमिक शिक्षा केंद्रों के रूप में भी कार्य करते हैं। इसलिए, बच्चों के लिए अनुकूल बुनियादी ढांचा, उच्च गुणवत्ता वाली शिक्षण व्यवस्था और आकर्षक भवन डिजाइन सुनिश्चित करना आवश्यक है। मुख्यमंत्री ने कहा कि भवनों के निर्माण में कॉर्पोरेट सामाजिक उत्तरदायित्व पहलों के माध्यम से सहायता की जा सकती है। श्री योगी ने दोहराया कि बच्चों, गर्भवती महिलाओं और समुदाय के लिए सुरक्षित, स्वच्छ और आधुनिक सुविधाएं उपलब्ध कराना सरकार की सर्वोच्च प्राथमिकता है। समाचार कक्ष से मैं मुकेश कुमार बल।***

**********

अमेरिका आ इस्राइल के ओरि से ईरान पर भइल हमला के देखत भारत इस्राइल में रहे वाले सज्जो भारतीय नागरिकन के सावधानी बरतले आ हर समय सतर्क रहे के कहले हौ। इस्राइल के भारतीय दूतावास के परामर्स में भारतीय नागरिकन से इस्राइल के अधिकारियन आ गृह मोर्चा कमान की ओरि से जारी सुरक्षा दिसा–निरदेसन क कड़ाई से पालन करे के कहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***सभी भारतीय नागरिकों से निर्धारित आश्रय स्थलों के निकट रहने और अपने निवास या कार्यस्थल के आस–पास के सुरक्षित स्थानों से परिचित होने को कहा गया है। भारतीय नागरिकों को अगली सूचना तक इस्राइल के भीतर सभी गैर–जरूरी और अनावश्यक यात्रा से बचने की सलाह भी दी गई है। भारतीय नागरिक किसी भी आपात स्थिति में तेल अवीव स्थित भारतीय दूतावास से चौबीस घंटे हेल्पलाइन, 972.54. 7520711 और ईमेल बवदे1.जमसंअपअ/उमं.हवअ.पद इनके माध्यम से संपर्क कर सकते हैं। परामर्श में कहा गया है कि दूतावास संबंधित अधिकारियों के साथ सम्पर्क में है और आवश्यकता के अनुसार अपडेट जारी करता रहेगा। सुपर्णा की रिपोर्ट के साथ समाचर कक्ष से जागृति शर्मा।***

ओहीं, बिदेस मंत्रालय ईरानो में मौजूद सज्जो भारतीय नागरिकन के मौजूदा हालति के देखत ढेरे सावधानी बरतले, अनावस्यक आवाजाही से बचले आ सथासम्भव घर के अन्दर रहले क सलाहि दिहले हौ।

**********

राष्ट्रीय विज्ञान दिवस पर आजु प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल बा। ई दिवस हर सालि अट्ठाइस फरौरी के महान भौतिकी विज्ञानी सर सीवी रमन के ओरि से 'रमन प्रभाव' के खोज के यादि में मनावल जाला। येह बरिस क बिसय हौ–**"विज्ञान में महिलाएं–विकसित भारत की उत्प्रेरक"।** प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देस के वैज्ञानिकन आ सोधकरता लोगिन के विज्ञान दिवस पर सुभकामना दिहले हवें।

**********

प्रदेस सरकार सज्जो कैंटोनमेंटर अस्पतालन में आयुष्मान कार्डधारकन के इलाज क सुविधा देई। एकरे बदे जल्दिये स्टेट हेल्थ एजेंसी बारह कैंटोनमेंट अस्पतालन के साथे एगो एमओयू पर दस्खति करी। प्रदेस में कुलि तेरह कैंटोनमेंट अस्पताल हवें अबहिन खाली प्रयागराज कैंटोनमेंट अस्पताल में आयुष्मान कार्डधारकन क इलाज कइल जा रहल बा। एकरे सफल नतीजा के देखत प्रदेस सरकार अब अउरियो कैंटोनमेंट अस्पतालन में आयुष्मान कार्डधारकन के इलाज मुहइया करवले क फैसिला लिहले हौ। स्टेट एजेंसी फार काम्प्रिहेंसिव हेल्थ एंड इंटीग्रेटेड सर्विसेज–साचीज क सीईओ अर्चना वर्मा बतवलिनि कि एकरे खातिर सज्जो औपचारिकता पूरा कइ लिहल गइल बा।

**********